

Pembantoe sareng
agen:
Priangan Koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.
di Tjiandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjiandjoer.
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij Soerabaja Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamin
Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan
Soerabaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 }
1/30 " f 1,50 } Sakali mozat.
Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih 50 Dibajar ti pajctn. Salambar 15 sen.

Actie Sambendaka.

Djiga koemaha, dieung sagede koemaha eta Ki Samoendaka teh, koering teu terang etje, ngan sok mindeng ngadenge bae baheula keur boedak ti kolot koering, anoe koe koering katjida dipoeuja - poedjana dipoeudjoeng poedjoengna, jen Samoendaka teh dilarapkeun ka djelema noe tara boga kasubeuhun, hajang seubeuh sorangan oelah batoer.

Nja... eta harti teh ajeuna koe koering diterapkeun kana aksina kaom moelja tina perkara Inlandsche meerderheid tea, koe sabab tjara noe teu boga kasubeuhun, hawek hajang sorangan, tjara noe enggeus ditoeelis dina artikel noe tiheula-heula tea.

Lasalempang koering noe kamari tea, ti peliak P. E. B. dieung sahaungsana, sieun noerost-eun dengdekna tepi, bet kadjadian (bewaarheid).

Sok kadjeun ari koe elid kaom moelja mah, da pinoh koe pantes dieung moenasabah tjara Samoendaka tea, tapi eta setem ti elid priboeumi anoe matak teu kaharti mah, naha naon noe djadi sabab noe matak biloek ka ditoe, noker ka oerang, bet asa harianeun. Moen aja tea mah anoe nganganaran ngadotkeun bangsa sorangan, atawa noekeur-kenn'krelit daki pribadi kana ka-mooajaan sasaliruanana geus moal kojo, hese ditakiana, hese ditjoengtjat tjingjetna, geus katjiri koe boekti. Ti mah, moen aja noe boga roemasa dina pahadregna njeboet tehen, ngan bakating koe eleh tetem bae eta mah, pipiloeseun njokot besluit kitoe soteh.

Atoeh lamuen enja dieung enja mah kitoe sarta emboeng dinganganaran tjara noe di loehoer tea, naha matak naon: moen medal sila, montong lila lila ngantjik dina koempoelan noe kitoe djeroanana. Poegoeh ari toedjoean oepisil mah parele rek ngamadjoekoen kitoe tea, kieu tea ka oerang priboeumi teh, tapi koemaha ari boektina ajeuna, lain tegen Gns? Tjing mangga, geura tjing-tjetkeun!!

Ngan sapedah ari P. E. B. mah anoe didjieun motifna henteu kasar, garihal, doegal tjara I. E. V. Batawi, tjowong gerewong, wang weng ng tjara gelap keur anak-anak. Ieu mah lemes asak rampana, rada ngomah ngomahan kana angen deungeun - deungeun, tapi ari dina seuh seuhana mah, kitoe keneh kitoe keneh bae, satali tiga oerang, ngan bedana teh minangka njiwit buri ngoesapan.

Tah dina kieuna, moal loeloensa pakoempoelan associatie Oost en West teh. Ana naradjang dina masa'lah puntar kitoe, koedoe bae pakian-kiana. Meueus leuheung lamoen tjara I. S. D. P. mah, henteu weleh matak teteg hatena tapi koemaha' ari noe sedjen sedjen saperti P. E. B., I. K. P., C. E. P. dieung saliana, estoe matak ngabingoeungkeun anoe aja kanoed djadi elid teh, ka ditoe koemaha, ka dieu koemaha. Lamoen aja scheuring teh dina pakoempoelanana, estoe teu matak helok.

Ari noe didjarien motif anoe lemes teh tjenah mah, lain henteu njojogan kana eta Inl. meerderheid teh, poegoeh bae rempog teh teuing, ngan koe waktoena bae anoe teu moepakat teh. Lain ajeuna koedoe diasorkeunana ieu prostelan teh, sabab anjar keneh entas tagiwoer roesoeh di Poelo Djawa dieung Soematra, bisi eta kakawasaan Volksraad teh dipake teu poegoeh, nepi ka matak njoesahkeun ka Pamarentah alah manan noe enggeus enggeus.

Sakitoe koemaha anoe didjarien reden, sarta ditoeingtoengan koe pameda soepaja eta prostelan teh koe pamarentah ditarik kembali.

Ari noe matak koe koering diseboet lemes actiena teh, lain sapedah ngeunah, tapi arandjeunna teu ngaloearkeun ketjap-ketjap panjeuseul sareng pangbeledigd tjara Anom-anom noe kamari ieu dina pahadreg I. E. V. di Batawi. Tapi sakitoe deui Joeka, eta bisi sapedah teu kadenge bae koe oerangna, atawa teu aja noe mere verslagna noe sagblengna tina vergadering P. E. B. noe diajakeun di Bandoeng tea. Eta mah, anging Allah noe oeninga.

Lamoen saenjiana, arandjeunna henteu langsoeng saor tahe tjarek tea, meureun awahing koe mentaliteitna dieung gehaltana leuwih tina beruchte vergadering I. E. V. Batawi, atawa beunang oge dikira-kira koe sapedah dina eta koempoelan teh: loba elid bangsa priboeumi, ieu oge hidji factor noe penting pikeun nengkep kahan-deueulanana.

Lain P. E. B. bae anoe boga motif kitoe teh, tapi pakoempoelan noe sedjen sedjen oge saeoe noe diseboetan di loehoer, ajeuna mah nja kitoe samotief, malah ajeuna ajeuna geus ditambah deui koe hidji comite djempol didjadikeun koe 13 para toeng estoe puloekna woengkoel, meh kabeh bangsa Mr. Dr. Ir. bae, kambah tambah djelema anoe gede pisan kukawasauana tina hal modal, da roepa roepa Duliktoer tina sababaraha factorijen dieung banken.

Koe lantaran ieu para djadoeg djadoeg oge baroga pikir risi koe prostelan pamarentah tina perkara Inl. meerderheid tea, toeloj baroga maksoed rek rek ka pamarentah sarta njebarkeun pirang-pirang lijst ka sarerea (bangsa Kaom Meelja), soepaja naranda dina eta lijst saeoe anoe pandoedjoe kana rekasanana, lampirkeuneun kana rekas tea.

Demi anoe djadi motif kana tehenna, nja sarosa bae dieung noe enggeus, teu tjotjog kana waktoena, lain ajeuna mangsana eta prostelan dipadjoekoe: koe pamarentah, koedoe ngadagoan waktoe noe hade pisan, oelah dina sabadana tagiwoer.

Koe sabab ieu aksi djolna ti djelema anoe baradag kakajaanana dieung kakawasauana tina bab economic, tangtoe invloedna ka loer atawa ka pamarentah moal saeutik, koma ka elid-elid di tweede Kamer mah geus moal boa.

Sakitoe lobana gogoda rantjanana kana manah pamarentah anoe sakitoe hadena teh. Djadi ana dipikir pikir ngau semet biwir woengkoel, boh ieu boh ieu oge, hajang atawa rek noengtoen kana zelfbestuur teh, da geuning ari seuhseuhanana mah kitoe bae boektina. Dina sagala hal anoe noedjoe ka d nja, ngan tegen dieung tegen noe aja.

Lamoen ajeuna atjan waktoena, na rek iraha deui atoech, ari engke dieung engke bae mah, atawa djaga dieung djaga, atoech moal aja toengtoengna, nja meureun sugger tjara baheula tea bae.

Poegoeh ari tjeuk oerang mah nja ajeuna pisan waktoe hade pisan teh, waktoe noe geus sakieu simpens, djelema-djelema masih keneh djali-djimeun koe katjampeohan noe kamari ieu. Djeungna deui kapan ka-riboetan kamari teh, aroeninga koe endjeun naon oesoel asalna. Sanes tina boentoet paparentahan noe geus kaliwat, anoe matak ngarepotkeun ka priboeumi? Hal sok ieu soemawonna koe bangsa Marhaen tjatjakan koe

bangsa noe marhaen oge kapan parantos diakoe jen enja kitoe alatanana. Tjenah eta ajeuna geus djoel djol deui actie ti kaom intellectueel rek njeun Staat in den staat, taroedjoean non-cooperation, atoech da eta oge nja boentoet noe ka toekang-toekang keneh bae, dieung ajeuna koe panghoedangna kaom reactionnairen deui. Geura bae ta ngarakeun, beuki lpa sarta beuki tarik reaction, tangloe actiena kaom Marhaen moal koerang, manan moesna mah, anggoer tambah majak. Ari rek pateuas-teuas bae mah, poegoeh oge saeoeoe-oemoer moal aja kaloe-loesanana, nja kief bae meureun, malah boleh djadi leuwih weritna, henteu mcestahil.

Tada temen aloema, lamoen euweuh noe ngahalang-halang mah, da tangtoens oge djadi oerang pamaper, atawa pangandelan kapertjajaan ka doenoenganana. Misilkeun ka noe kaheroean bae atoech; moal enja aja kompa digoenakeun dina keur euweuh kaheroean mah, atoech naon pimangpaateunana. Da kompa mah gawena keur mareunan seuneu ngageleg. Tjing atoech ieu oge sina kitoe bae. Katoerog-toeroeg kapan ieu prostelan teh lain barang model tea, geus ti taoen toekang keneh.

Hadena bae comite djempol teh bet didjadikeun koe 13 oerang, lamoen noeroetkeun kapertjajaan marahanana mah hamo hasil, deet tjilakana.

Oca Nany.

Basa Soenda di Raad Kaboeupaten.

Kapoengkoer dina Sipatahoenan djiisim koering parantos njarioskeun kaperloeanana, sareng kasaeanaan oepami dina verhadring Raad Kaboeupaten di Kaboeupaten-kaboeupaten anoe elid elidna kasuseueuranana bangsa Soenda mah. Menggah elid bangsa Eropa sareng Tjong Hoa anoe teu ariasa Soenda kantenan koe Malajoe atanapi Walanda.

Nanging roepina koe sapalih mah perkawis basa Soenda di Raad Kaboeupaten teh, teu patos sakoemaha digalih, lantaran teu pati katingali mamalana, sareng dianggap mokaha tea, manawi.

Boekti, geuning Djoeragan Kartatmadja Paroeng, elid Raad Kaboeupaten Bogor, njaorkeun mending basa Malajoe pedah (sangkan djadi tatali saindonesia sagala roepa.

Perkawis kalepatan larapna paham Djoeragan Karta, dina palebah dieu, langkoeng sae entong dipedar ajeuna, engke bae dina kongres Pasoendan, soepados langkoeng bablas.

Noemoetkeun Ordoransi Kaboeapaten (R. R. O.) dina artikel 24 sareng 38 (3) kapan di dinja disebatkeun kieu!

Art. 24.

I. Boepati koedoe ngoeroeskeun soepaja sarantjang (ontwerp) oendang-oendang Raad dieung sarantjang begrooting katoet ka katranganana ditoeelis dina basa priboeumi dieung Malajoe

Art. 38.

3. Soerat-soerat ondangan ngabedjan verhadring koedoe ditoeelis koe basa priboeumi dieung Malajoe sarta

Koe oengalna eta artikel oge, tetela ari pamarentah mah ngahargaan dieung ngadjenan kana basa priboeumi, da geuning aja katanpoean jen basa priboeumi anoe koedoe dipake dina

oendang-oendang Raad dieung katranganana, katoet ka soerat ondanganana pisan koedoe basa priboeumi.

Ngan handjakal di antawis oerang priboeumi anoe kagoengan eta basa, kawasna teu kersa ngadjenan teu kersa miroesa, anggeus koe koemaha dinja tea bae. Geura papaj naha sadajana R. K. nolouau kana eta ordonansi, naha henteu dirarempak bae?

Jaktos pisan dina eta artikel aja oengalna dieung basa Malajoe, eta tangtos pikeun ngomah-ngomahan ka noe teu iasa Soenda; djadi basa Malajoe anoe diwengangkeu tea mah, sanes basa Soendana.

Geura mangga manah, apan soerat ondanganana koedoe koe Soenda, sarantjang oendang-oendang sareng begrootingna anoe rek dibarempagkeun dina verhadringna kedah ditoeelis koe basa Soenda, woeri-woeri ari 'tjeleng-koeng ngabarempagkeunana koe Malajoe, padahal eta anoe dibarempagkeunana tea apan basa Soenda. Tah sanes dibalik belah, ari kitoe?

Noemoetkeun katrangan sapalih lid Raad Kaboeapaten, pang teu kersa nganggo basa Soenda teh, kieu lantaranana:

1. Basa Soenda mah koedoe dibarempagkeun lentong dj. s. t.
2. Lamoen njarita koe Soenda, sieun ditembalan basa kasar koe Voorzitter.
3. Emboeng njeboet Kangdjeng Voorzitter, ari rek njeboet Djoeragan, sieun bendoe. Toer kagok ngabasa-keunana ka sorangan, naha koering atawa abdi atawa pribados.
4. Pedah basa Soenda teu djadi tatali Indonesia.
5. Ngarah gampang kahartina koe sarerea.

Eta anoe lima halangan, tjeuk koering mah sadajana oge boeboek leutik, anoe teu koedoe djadi sabab kana njeuheun basa Soenda, sina kasilih koe Malajoe Tjikoekoe kieu margina:

Anoe kahidji koe djiisim koering parantos ditjarioskeun dina Sipatahoenan, jen rengkoeh mah teu matak djadi halangan, da dina oenggal basa oge aja reugkoehna, nadjan dina basa Walanda.

Anoe ka doea, ngan woengkoel inggis koe bisi, toer njangka goreng ka Voorzitter. Koe koering mah weleh teu katingal, asa moal aja voorzitter Raad Kaboeupaten anoe aja ajeuna, anoe bakal sakitoe baliloena bakal sakitoe belegoegna, da dina paningal koering mah kabeh djelema palinter. Ieu perkawis sahes wangwangan, nanging boekti, rek djiisim koering oge wawoeh malah wantoen njeboet loma sareng sadjoembalahna Voorzitter Raad Kaboeupaten di sakociiah tanah Soenda. Djadi ieu kasieun parantos sanes dina djamanna, da moal. Mangga djadial bae!

Tjenah di ajana anoe ngawalon koe basa kasar dina raad, matak naon koe oerang diwalon kasar deui, geuning koesir sado di Djogja

Oepami teu aja wawanen sakalieu kitoe, sae enggal loengsoer bae, montong tjalik dina raad.

Anoe ka tilos perkawis seseboetan tea, koma ieu mah tjete pisau, nja tjara anoe ka doea tea bae.

Emoetan koering mah oerang te-kepkeun bae koe sadajana, kieu:

1. Ka voorzitter njeboet: Djoeragan Voorzitter.
2. " sorangan njeboet: 'Djiisim koering,
3. Voorzitter ka elid njeboet: Djoeragan

Basana anoe dianggo basa lemes, atawa panengah. Geuning dina kongres basa Soenda, anoe Voorzitterna Propesor Doktor Hoesein Djesadining-

Ti pipir hawoe.

Maskape galedt bangkroet.

Eundeur djagat Pasoendan koe roepa-roepa pakabaran madjar pirang-pirang maskape-maskape noe galedt tereh bangkroet. Noe baroga saandeul teu bisa sare tibra.

Raj poe raj poe koers toeroen.

Marhaen & Co. maskape noe geus katjolek ka mana mendi, special dagang peuteuj koers toeroen tina 350¹/₂ kana 40.

Alwasim & Madsan, restaurant noe kontjara tjobek terengna moen di Walanda mah meureun minangka Versteeghna geus menta tempo pikeun babajar hoetangna.

Nji Oedoe & cie handel in lalabalaban alias gowongan (kajaning kahlitoetan, djalantir, kepokan selong dieung djengkol ngora) radja kajana dibeslah koe Mas Wira, bankier di Patjenongan.

Djaba ti ieu rea deui maskape maskape noe sedjen noe geus pobara lendjongna, deukeut-deukeut kana tigoebag.

Naon sababna noe matak nepi ka kitoe?

Ah teu pira pedah dibaekot koe Kangdjeng Dess auwagie, lid I. E. V.

Ih, koetan!

Gelenjoe.

(*)

rat, ngeunah bae toer loeje bae sadaja njeboet Djoeragan Voorzitter ngabasakeunna Djiisim koering teh.

Toer ari propesor teh apan rangna, kaagoenganana leuwih ti boepati.

Ari anoe ka oepat, tadi parantos disebatkeun di loehoer, lantaran silo-koer sorot indonesia pedah keur djadi kembang tjarita.

Dina perkawis anoe kalima, rada oge kabartos, bakating koe hormat ka ditoe, teu emoot oerang koedoe dihormat, Kapan di Gemeente Raad geuning oerang anoe koedoe biloek ba ditoe, atoech geugeuj di Raad Kaboeupaten mah, oelah koedoe toendoek di mamana tating ka ditoe teh, meudjeuhna di R. mah itoe anoe koedoe noeroot ka oerang, da meurang setem oerang di die mah. Tjing atoech peupeurieun nja peupeurieun, geugeuj atoech

Dina pokna njarita koe Malajoe, ari dina bawi raos djiisim koering mah asa njaloentang naker, ka Voorzitter (Boepati) nepi ka henteu koe Soenda, bet asa dientjikkeun kawas ka oerang Hongkong.

Padahal apan dina atoran oerang, ari ka anoe dihormat teh koedoe sasaoeran Soenda, malah njeratan oge noemoetkeun kahormatan adat tata kabiasaan sepeh mah koedoe koe-akarsa Soenda.

Ari ieu tjelengkoeng koe Malajoe Tjikoekoe, bet asa tjoetjoengah dieung njaloentang naker, teu aja pisan soebasitana asana.

Dalah dina adat Walanda, adat panghormat koe bae anoe diadjak tjarita teh, nja tjara tadi bae.

Djadi oerang Soenda anoe sasaoeran Malajoe ka Boepatina dina Raad Kaboeupaten Soenda mah, beunang diseboet njaloentang.

Tapi kadjeun koe kitoena, teu sa-koemaha.

Ajeuna aja deui anoe perloe diraoe-keun, perloe dilenjeun. Mangga ieu aoe.

1. Raad Kaboeupaten geus ngadeg. basana
2. Oerang Soenda di Raad Kaboe-

Ti Padoekoehan.

Salah wissel
Pahili adres.

Daen: „Ari oerang ti Padoekoe-
han mah, ana los ka dajehul teh sok
sararieu salah wissel.”

Haen: „Salah wissel koem ka
aka?”

Daen: „Eta, taun, sieun salah
pok njeboet ka para nonoman-nonoman
djaman ajeuna. Nepi ka bingoeung
aka mah, da pangunggonna rea noe
samodel: Naha Walanda Endo, naha
Babah at naha bangsa oerang, sabab
djaba ti pangunggonna samodel teh,
dina roman moeka oge rea noe adjroet,
toeroeg-toeroeg ana prak tjarita
djeung pada batoerna tas-tes-tos
Pertes deuih.

Haen: „Ana kitoe mah stoeh aka,
para istrina oge oelah gana-gana
njeboet njai, bisi pahili adres.”

Daen: „Masabodo, da bingoeung!”
Haen: „Sawios,”
Daen: „Hihi!”

Kontak.

A

Oendjoek sawoe nrehoen ka Djoer.
Redactie, wirehing parantos masalah
kalapangan kanggo neupatkeun
tjangkorang bongkang ti Tjickarang.

Salam hoermatna

A. Djajamihardja.

Tjickarang 30/9.27.

Disoentroengkeun.

Sidjantoeck oerang Priboemi bodor
ronggeng Betawi tas maon, balik
ngaliwat sasak Tjiloseh (Tasikmalaja)
kunjahoan koe Toean O. O. Lambertus.
Toean O. O. njaram ngaliwat
kana sasak, tetapi koe lantaran ba-
toerna geus ngaliwat, sarta kagok
Sidjantoeck teroes bae leumpangna.
Toean O. O. njampeurkeun Sidjantoeck
sarta disoentroengkeun nepi ka Si-
djantoeck ragrag ka Tjiloseh noe loe-
hoerna ± 10 M. Sidjantoeck tatoe
parna teroes dibawa ka roemah sakit.
Eunh karonja temen, koe kasalahan
sakitoe nepi ka disoentroengkeun
aloh bong Inlander. Ieu perkara
geus di tangan poelisi.

Waleran serat.

Lg. 359 M. Ms. Djatiwangi ps f 3
noehoen f. ampi 4e. kw. '27, 1e. kw.
'28.

Lg. 575 a. Kb. Ketangoengan
pw. f 4,50 noehoen katampi kw. II
III IV '27. Lg. 306 Dtb. Leres teu
aja toenggak au.

Lg. 695 A. Sw. Selaawi f 1.50
anggoeun kw. III '27.

Lg. 839 f. Pamegatan f 3 katampi.
Djoer. S. f. Tjireungas Sip. pa-
rantos diki. katoen.

Lg. 151 R. K. W. Wanaradja
kalebet kw. IV '27.

Lg. 154 Djr. A. Bandoeng postwis
sel noehoen katampi.

Lg. 722 Djr. S. P. S. d. n. Tjiki-
djing Sipunt. No. 8 parantos seep.

Wartodanti-Administratie.

Hatoer aliktoe hoen ka sadaja noe
parantos ngawoen artos langganan.
Ti sapali kana engganan noe teu
atjan ngintaw. Hatoer adjeng
pisan artos langganan.

Noe parantoeu dikintoen post-
wisselformulier wis d2 à 3 kali teu
aja bae ngintoeu na eta artos à wale-
ranana ka pajagi ti kintoen
deui Sipatasingkeun ko.

Sanes, pikir oerang ng hormat,
nangigtoe bae eta mah njajan saktieu,
ngir Saha, djeung koe anasen doea
seunana anoe boge. Hatoer
gel emboeng na. Hatoer bi kader-
dina hate katjidaun.

Dina palebah koering nang,
mandana lebet 3 saasih, keur
dii koe djsim koering. Nga
sanes moeng pikeun nga.
na oerang priboemi bae. tober
di tep.

ngapoer, beda djeung boelan toekang.
Di pasar London koerang madjoena.
Harga goela di Amsterdam toeroen
saeutik, teh teu pati madjoe. Harga
copra (pasar London) kolocoran Oct./
Nov. sa ton naw. pd. st 28/ 1-
(f 340,20) sapikoe f 21,26 Teh pajoe
harga sapondna diantarana 1 sh 2 d
(f 0,71) djeung 1 sh. 8 1/2 d (f 1,03)
noeroetkeun hadena bae. Malah noe
nomer hidjina mah pajoe nepi ka 2
sh. 4 1/4 d (f 1,49).

Pasar Batawi.

12 Oct. naw. dit. lak.

Kopi
Robusta Palembang
(per pik). Nov. f 33 1/4 f 32 3/4

Pedes
Podes Lampoeng
(per pik). Oct/Nov, e. k. f 100 f 98

Pedes Muntok
(per pik). — f 150(*)

Karet
Sheets (per 1/2 KG) f 0,89 f 0,88 1/2

Crèpes f 0,87 1/2 f 0,87

Minjak sereh (per
KG) — f 1,75

Oct./Nov. — f 1,75

Pasar Soerabaja.

12 Oct.

Karet
Sheets (oct)
(per 1/2 KG) f 0,88 (*)

Crèpes per 1/2 KG. f 0,86 1/2 (*)

Goela
Nomer 1 (per pic). f 15 3/4 f 15 3/8

Oct./Nov. f 15 3/4 f 15 3/8

Nov./Dec. f 15 3/4 f 15 3/8

Dec./Jan. f 15 3/8 f 15 3/4

Jan./Febr. f 16 — f 15 7/8

Kopi: teu robah f 45 (*)
(*) Pangalijina.

K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Doea kaum dagang di Banjoewangi
meuli Drukkerij keur njitak soerat
kabar Sarikat Islam di Batawi. Ka-
oentoenganana tina Drukkerij pikeun
kas S. I.

Poe Saptoe tanggal 8 Oktober '27
di Tjiamis aja pesta, wireh Kg. Da-
lem Tjiamis kenging anoegrab bintang
Militaire Willemsorde klas 4. Panga-
goeng seueur noe soemping.

Liknan Koppen mangkat ti Am-
sterdam tanggal 1 Oktober toempak
mesiu hiber, tanggal 10 Oktober geus
nepi ka Batawi. Dihormat dipesta-
keun.

Di Makassar aja angin topan. Rea
imah djeung tatangkalan noe raroen-
toeh.

Doea mobil Chevrolet ti Batawi
ngadjajah Soematra, mimitina ti
Pandjang (Oosthaven) Teloecketoeng.
Ajeuna geus nepi ka Medan sarta rek
teroes ka Kostaradja djeung Sabang
(poelo).

KAHOEROEAN.

Hatoer rebos rebos noehoen,
kasadajana djoeragan djoeragan,
wargi-wargi sareng sobat-sobat
anoe parantos kersa naroeoengan
dina waktos kahoeroean doegi
kasalametna rorompok pribados
sareng poen adi. Moegi ieu tjari-
sian diteraskeun soepados djadi
aroeninga.

Salam baktosna
Mas OENOTES
éndog sarimbit.

INGENIEURS en ARCHITCTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 3, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun
saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—
djambatan sareng sadjabina, ti noe PANG ALITNA doegi ka
noe PANG AGEUNGNA.

Md. Tisna Widjaja

Boek. Medicijnen &
Comm. Handel

Menak straat Pandeglang.

Djika Toean-toean saudagarhendak
memadjoekan perniagaanja dengan
banjak oentoeng, hareplah Teean-
toean saudagar dengan lekas merra-
soekan Commissie pada adre jang
di atse, tentoe toean tida aken me-
njeseh, sebab saja poenja toerna se-
perti verkooper djoega dengan per-
djandjian jang bagoes setali.
Memoedjikan dengan hormat

TECELFABRIEK

„NAJA”

Goenoengabeculah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pa-
ngaos sareng kakiatan ditang-
gel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi
(bouw teekening), pangaos ti-
asa badanten).

24 Directeur.

Hatoer oeninga!

Toko Soenda midamel babakan,
tebihna ti Aloan Aloan Tasikmalaja,
nganggo delman 3/4 djam, kareta me-
sin 1/2 djam, auto 1/4 djam, malah ka
lelahna oge Babakan Soenda bae, ieu
Babakan di damel tempat pikeun pe-
siran, goena kasenangan sareng sport,
disajagikeun roepi-roepi kaamengan,
di sitoe njondong roepi-roepi parahoe,
ti alit doegi ka noe ageung, malah
aja noe kenging diango sapamili,
kakiatan 24 panoeppang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27,
prantos kenging diango pelesiran,
sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi
katoengan, sareng leuteun, oepami
anoe bade lebet, kedah majar en-
tre 10 cent, pikeun sagala bangsa.
Noe njandak kareta mesin, di sajagi-
keun tempat moeng kedah meser
nomer 3 1/2 cent, soepados oelah itjal
sareng ngampilkeun ka Pangoroos.

B. S. A.

1 Augustus 1927.

**Roepa-roepa Datjin
Kilogram.**

Dari Fabriek jang kasi
tangoengan baek, ada
sedia tjontonja, harga-
harga sanget moerah.

Lebi baek minta pesen
dari sekarang, sebab tem-
ponja tjomah tinggal
ampat boelan lagi.

Katrangan lebi diaoe
pada adres:

YO TEK SENG

Wijkmeester
TASIKMALAJA.



Ketoe Oedeng Makerij
HALIM
West Pas. r. straat 16 Bandoeng



Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi
batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos
f 2,35 f 2,50 f 3,— f 3,50 f 5,— sareng saterana noemoetkeun koemaha
saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo
diwire sareng endol ngawitan pangaos f 3,— f 3,50 f 4,— f 5,—
Tiasa nampi kengenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng ddamel 2 ketoe oedeng f 2,—
1 " " " " " " f 1,25
1 " " " " " " f 1,50
Model wiron tambah dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Sareng njajagikeun
sindjang poleng geroesan kalosaran Bandjaran Bandoeng pangaos f 2,50
f 3,— f 3,50 sareng f 4,— mangga djoeragan djoeragan geura njarobian sa-
reng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloshoer ieu koelan.
Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi
pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djo-
nas enz.

Schoonmakerij en Kleermakerij
„Malah Mandar”

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengenan)

ngadamel roepi-roepi rakoekan anggo-
eun pameget atanapi moerangkalih mo-
delna tiasa noemoetkeun sakoemaha ka-
pala, sareng disajagikeun roepi-roepi la-
wonna.

Oge njajagian alop-alop, sendal-sendal
spatopspatoe ketoe oedeng model Djawa
sareng Soenda Kopeah boeloedroos noe
kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

O. Sasmita.

N. B.
Toedoeng Panama
noe didamel tina palm f 8,—
" " " djakal f 2,50
strobta (pamoelasma) f 0,25

TOKO KHOUW SIAUW SENG
(TOKO BENG)

Tasikmalaja

Tel. No. 2.

Djaman kamadjoean, kitoe deui
ajeuna pikeun ngentengkeun kana per-
djalanan, disajagikeun Autobus anoe
brangkat ti

Tasikmalaja ± djam 5 endjing noe mios
ka Cheribon.
" " " " " " ± 11 siang noe mios
ka Cheribon

± Cheribon ka Tasikmalaja

± djam 5 endjing mios ka Tasikmalaja

± " " " " " " ± 11 siang " " "

± Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap
ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka
Tasikmalaja djam 4

± Tasikmalaja ka Karangnoenggal

± djam 6 mios ka Karangnoenggal

± " " " " " " ± 9 " " "

± " " " " " " ± 1 " " "

± Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

± " " " " " " ± 9 " " "

± " " " " " " ± 1 siang " " "

Sadaja autobus braagkatna ti pajoe
neun toko BENG.

Toko Boekoe

WEBER

DJALAN STATION No 12. * TELF. No 13.

Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . f 1,50

Walanda-Soenda 3 " " " " " " à . . f 0,75

Curcus Basa Walanda Pikeun oerang Soen-
da f 0,75

Pikeun Cursus sareng Sakola kenging potongan 15%

Peresenan paling alit f 1000.
(sareboe roepia).

Oepami djoeragan ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pa-
ngaos f 2,50 bade dihatoeran djalan soepados djoeragan iasa
nampi prijs roepi artos pang alitna f 1000.— (Sareboe roepia).

Wedalan Tjikiray noe sajagi kenoh, moeng kantoen saeutik
deui:

Waw. Naraka-Doenja f 0,40.

Tjaris Pegat-Toendangan f 1,10

Waw. Anglingdarma I f 1,75.

Waw. Kiamat-Leutik f 0,30.

Waw. Ardjoenawidjaja f 1,—

Hojong kagoengau garwa noe anom f 0,50.

Hoermatna

Boekhandel & Uitgeverij „TIKIRAY”
Grote postweg 84 SOEKABOEMI

PANEMBRONG.

DANGDANGGOELA

Hajang tjurik ari ras koe milik, milik diri toelisan awak, beurang peuting djoswet hate, hate teu weleh ngoeloweot, rea anoe matak poesing teu kaer bisa roemingkang, direntog dihoeroep, padahal ngan karek bedja, bangsa koering baris diberean leuwih, dina bale kasomahan. (0/0)
Tatjan tangtoe baris bisa hasil, enggeus rea anoe ngingkilikan, kawas noe ngewa noe djengkel, padahal teu hade kitoe, lamoen noe beresih ati, sing inget poerwa daksina, oelah ngoembar napsoe, kitoe moenggoehing deungeun mah, enggeus neunah masih kenah hijang leuwih, teu aja ras-ras: pisan.
Padahal mah lamoen rek ngabangkit, tangtoe pisan mo aja beresih, reufjeung anoe saririk teh, malah moen ngagoego napsoe, koering anoe koedoe leuwih, deungeun mah samarean, henteu meunang emboeng, nenitjo kana tatandingan, bangsa koering noe ngamilik lemah tjai, deungeun oekoer sasampeuran.
Naljan kitoe henteu rek koemaki, hajang seubeuh rek hawek sorangan, sanajan ki semah oge, hujos oerang ngarioeng, tapi poma rek tjurigih, sugala sakama-kama, boga rasa ngoentoe, lamoen kitoe taladjkana, kawas pisan noe teu boga temah wadi, teu ngurasa teu roemasa.
S.
(0/0) Volksraad.

B
Maulana Mirza Wali Ahmad oetoesar, pangoejoban Ahmadjah di Labore rek moeka Cursus basa Arab pikeun bangsa priboeni noe terpeladjar.
Ieu Cursus gratis sarta mimitina tanggal 15 boelan ieu (K. M.).
Djoembalah dielema noe laladio pasar malem di Soerabaja aja 349,957 sarta beubeunanganana tina kaitjis woengkoel aja f 124,121.
Di tempat-tempat palaboean noe galede saperti Batawi, Semarang, Soerabaja rek aja Cursus pikeun komis douane (ngeroes beja). Noe meunang asoep kana eta cursus piling handap koedoe boga diploma Mulo.

Poetra Soesoehoean Solo Pangeran Haris Soerjotro boelan December rek ka Ambon pikeun ngaberesan makanna Paaoe roewono VII.

Di Hotel Tionghwa hidji Walanda R. Onderluitenant, Assistent Apotheker geus maot, majitna kapanggih handapeun tempat tidoe. Siga-sigana maotna koe lantaran weureu inoeman keras. Eta dielema geus teu bisa ngoer es maneh, Pansioenna oge ditumpangna koe pamadjanana.

Mr. R. Achmad noe haretona babarengan digawe djeng Mr. Siogghih, Mr. Soewono njeuna ngelamar kana pagawean Goepereamen. Rek dibenoem di Semarang (Raad van Justitie).

Tanggal 11 October ti Bandoeung nelepon koe radio (henteu make kawat) ka Nederland. Noe nelepon nja eta Ir. Van Weelderem ka poetrana di Leiden djeng Direktur Gouvernementsbedrijven ka poetrana di Rotterdam. Sora telepon kudengem tetela.

Tanggal 11 October '27 di kampoeng Babakan Bandoeung aja kaheroem gede. Mimitina poekoel 945 isoek. Aja 200 inah noe kabeuleum. Lantaranana kaheroem tatjan kaulohan.

Kerkhoff alias hadji Oemar dihoekoe lima tahoen, lantaran maehan mitohana (bapa tere njai njain).

Koninklijke Luchtvaart Maatschap-pij rek ngajakeun post ti Amsterdam ka Suez make mesin terbang pikeun ngoedag kapal mil.

Boelan December tijdschrift onderwijrsaad mimiti kaloea Eusina roepa roepa perkara pangadjaran atoeran djaman ajuna. Kaloeana doa boelan sakali.

Samboengan Sip. No. 16

Djr. Salim njaritakeun politik S. I. nja eta njeun persatoean di doenna Islam. P. S. I. moal pipiloeun kana Raad-Raad, isutaran tatjan aja sora merdika. Njerita kitoe kieu disangka rek ngaroboekeun Pamarentah. P. S. I. teu nono operation rek ngabae-kot, tapi rek ngahidji djeng rahajat pikeun ngamadjoekun rahaja. Noe djadi lid P. S. I. di tempat leutik sok disobeot djalma goreng (djahat), tapi di tempat gede digawe P. S. I. ngamadjoekun economie djeng da-gang, rahajat Tjatjandran P. S. I. nangtoeng sorangan.
Toeloej njaritakeun perkara kadja-dian rintangan ka S. I. di Tjiandjoer, Garoet, Babat, Makasar, Bataang, Probolinggo. Tjek A. Salim, P. S. I. teu ngaliwat wates, tapi ponggawa Pamarentah noe ngaliwat wates wet. Toeloej vegerideng ditoeoep.

Dibenoem djadi Patih Garoet Mas Sastrawigeona Wadana poelisi di Serang; djadi Patih Tjiandjoer Mas Soemartadiredja Wadana district Se-rang; djadi Patih Batawi Rd. Kd. Wirahalikoesoema Secretaris Regent-schap kl. I di Soekatoemi, djadi wakil Patih di Bandoeung Raden Moh. Moesa Karta Legawa Wadana Soe-rang.

P. E. B. teu moepakat kana robahnana reana lid Volksraad Priboeni tina 25 djadi 30.

Dalem Brebes disehors, lantaran rea rea karotjetan.

Toean Van Limburg Stirum oeroet G. G. Hindia ajuna djadi oetoesan nagara di Djerman; njeun karangan dina soerat kabar Nord und Sud (Kaler djeng Kidoel) njeboetkeun moepakat kana robahan reana lid priboeni di Volksraad tina 25 djadi 30. Sabab ieu pamenta djaman, koe lantaran oenggal taoen namunan bae oerang priboeni noe paluter. Oerang Priboeni boga hak pikeun pipiloeun kana perkara paparentahan. Dipoe-djikeun leuwih koest ka Nederland pikeun digawe babarengan djeng ludonisi.

Leon Daudet noe minggat ti boei di Prantjis ajuna aja di Nederland. Maehna hajang ngareboet paparentahan di Prantjis, lantaran parte maehna aja 150.000 djeng aja 30.000 noe baris pinoloeungeun. Rek ka Rome hajang njaho kaajaan facisten. di kota-kota Nederland rek mandala-ngan (ezing) perkara kasoesastran.

Preanger Chemicalien Handel
Telefoon No. 76.
Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainja, Minoeman, Serotoes, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

KUNSTHANDEL „BOEMIPOETRA”
Tjikoedapateuh No. 188. A.
BANDOENG.
Ngitjalkeun roepi-roepi barang kabinangkitan oerang priboeni, pikeun kaperloean sareng papaes boeman-boeman, kajaning: Gambar-gambar tina olie en waterverf, aardewerk anoe dibatik sareng diglaseerd, roepi-roepi barang tina tandoeok sareng toelang, papaes bilik tina tinooen sareng batik, parobot tina koeningan sareng sadjabi eta.
Djaba ti kitoe, nampi titipan itjalkeunneun (in commissie) barang-barang kadjaba ti anoe kasebat di luehoer, kajaning anja-man, soenggingan sareng sabangsana, anoe kaetung toelen kabinangkitan oerang priboeni. Segri anoe bade nitipkeun, kenging moendoet badanteu henia, boh koe serat atanapi soemping koe andjeun.
Djaim koering nanggel (njanggemar) oepami henteu padjeng dina lebet 3 sasih, kenging dipendoet deui atanapi teras dipeser-ke dji sim koering. Ngahadja ngadamel ieu atoeran, henteu aja sanes moeng pikeun ngamadjengkeun padamelan kabinangkitana-na oerang priboeni bae.
Noe ngadjeng-ngadjeng
D. Djajamihardja.

STOP,!!!
Mangga linggih heula ka toko abdi ROEKANTA di Lengkong Tasikmalaja jaktos toko alit, da modalua alit, nanging pangaos mangga bandingkeun sareng to-ko gede.
Sajagi kaperloean toeangeun sadidinten, pangango sareng landong-landong patent oge saja-gi.
HINDIA MADJOE.
Itoe, jaitoe karena kepandai-annja pendoedoejnja. Inilah maksoed kami. Akan menjapai maksoed iri, kami me-gadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat belad-jar Bahasa Belanda dengan Cursus ditoelis tiap-tiap ming-goe seboeah pengadjaran.
Kirimlah f 2,— dan deng-an lekas kami moela mengadjar.
Bahasa Belanda f 2,— seboelan
Not Algemeen Onderwijs Bureau
Naripan 90
BANDOENG.

NAHA JAKTOS???
Oepami Djoeragan kagoengan manah mikatjinta kana kabangsaan sareng ka lemah tjai, kanteuan pisan kedah oeninga elmoena.
Nembe parantos pisan ditjitakna saroepe boekoe anoe diwastan
„ELMOENING KABANGSAAN”
Dibanding koe rasa ka-Soendaan sareng dipapaes koe pirang-pirang goegeritan, dangding anoe njeat ati, nasa noe ngahoedang rasa. Moal dipoe-dji teuing, margi bilih disebatkeun agoel, moeng oepami Djoeragan ng-galeub ieu boekoe nanggel pisan moal matak handjakal.
Eusina teu kinten pentingna, para-Djoeragan Nationalisten laengkoeng ti perloe oeninga kana eusina ieu boekoe.
Moal teu penting margi anoe aga-damelna oge Djoeragan . . .
Teu kedah ditjaroskeun mangga bae [geura ngagaleub da pangosua oge ngahadja dimoemoerah pisan moeng f 0.50
Oepami dikintoen koe post kedah f 0.55
Oepami dikintoen remhours diwoe-woehau f 0.50
Kenging pesen ka Pangoejoban „Pasoendan” Bandoeung, Regentsweg No. 24 sareng ka Boekerij H. R. B. Kartadiredja Tjibadakweg No. 5 Bandoeng, atanapi ka agent-agentua di sanes-sanis tempat.

ADRES noe parantos KASOHOOR DAHJAN
Toekang Mas Roemah 18 TASIKMALAJA.
Ngitjal roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, damelan pribad-sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel penlit, soember, lilpep, padamelan ditanggel sas sareng enggal.
Djaba ti eta ngitjal roepi-roepier-lodji sako, erodji tangan, wekker, dompet alpaka model sajar sareng seucur-seucur deui perhiasan mangga djoe-ragan-djoeragan enggal saroepping soe-pados kaolingana.
— 101 —
Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:
EEREDIPLOMA MEDALI MAS.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).
Tasikmalaja Telefoon No. 7.
Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-sanis Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michela. Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (anderdeelen).
Sajagi roepa-roepa glas (hoemoer) sa-perti Beureun, hedjo, blao, kongng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sas pi-saan pikeun soepnier.
Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktoe ajuna keur rame pisan anoe ngarangza bedil angin (windbuis) pikeun plesiran, nja eta keur badjar ombak atawa keur manoe, badjing, tjareuh, ganggara-ngan anoe sok ngaroekak kana pipi-araan, heulang, kalong, sareng sadjaba ti eta satasatane anoe ngaroekak, tung-tos tjasa kenging koe B. S. A. tea.
Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5/12 sareng 4/20 nja eta merk B. S. A. anoe masoer kakiatanana sareng saena, pelcra sa-jagi tjokoep, sadjaba ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng Westminster, erodji anoe sa-ree, pesu silet pesu tjokoer goenting mesin anoe parantes masoer kasae-anana, njondong roepi roepi oekoer-filter (saringan tjai) pikeun nga-djagi kawarasan, atawa kasihatan.

Boekoe-boekoe basa Melajoe. dte, awi, reup
BAROE TERBIT.
Boekoe Padoman aangmer Prijai B. O. W. dan Irrigatie
1. Atoeran dan ongkos-ongkosnja pkerjaan menggal kaom
2. Atoeran hal gebal roempoet dan pager. 3 Hal bikin tabeh, miara djalan djalan. 4 Hal mengeroes pkerjaan dari tabeh, atau lain lain pesawat di Hindia. 5 Hal mengeroes peja di toemboekan dan tiang besi (fondamet djembatau atap, sim pintoe, djendela, loteng, amparan dinding, tjtakan kaj, sim tangga dari matjam-matjam pkerjaan. 6 Mengeroes peja kboeda dari batoe (toemboekau batoe dan pengatoeran memasan Istoe-hal menggoenakan loeloh, batoe, beton, plusteran, laboe sa-tij d. l. l.). 7 Hal atap. 8 Pkerjaan dari besi. 9 Roep bara
Harga f 1.— franco di post f 1.15
Boekoe ilmoe firssat, hergoeua sekali kepada toean-toeakan maoe taoe roepa-roepa koempoelan ilmoe ghaib, saperti firsa-segala djenis matoesia dan perempoan, hal mengitoeong boeroeknja hari boeat meukah, alamatnja nimpin, kedoetan, al-telang nasibnja sesoatoe orang, ilmoe mengolah rasa an-telaki sama perempoan ilmoe mentjari nama anak, alama anak baji dan lain-lain lagi jang doelo-doele ilmoe ini diper-resiah oleh orang toea-toea, terutama pendahoeloeannja r-rangkan roepa-roepa ilmoe tharekat dan hakekat Islam s-s dengan tiada manjalahkan boekoen sjara. Soengg eh be-kali goernanja. Harga 1 boekoe f 1,50 franco di post f .
Boekoe katrangan Islam sedjati (bahasa Melajoe). Isin gense-rah jang moela-moela orang membawa agama Islam ke pe-pe-sia. 2 Jang sedjatinja Islam itoe. 3 Artinja perkataawangsa 4 hal kedjadiannja alam doedia dan menoesia. 5 Hah sok dengan roepa-roepa roch kekoetaunja, baik rochaper onghok-angen angun (tjipaan), roch akal, roch fikiran dana, Toeng-Hoekoemnja badan djasmani. 7 Boeni ringkasan sis rendaj-bon koeno. Harga f 0,50 franco di post f 0,50 ren teu bisa-awit. Ana
Wawatjan Miradji K. Nabi Mochamad s. a. w. anoe djadi Eusina: A s m a r a n d a n a : njaritakeun basa gantep pisan, loellah s. a. w. di sampeur koe Malaikat Djaba holampar-radji ti Hidjir Ismail (Masjdjidil haram) ka Bae, oeroes tah, da tanggal 27 Radjab, malem Senen. Ki n a n t i og pangan. roepa pamendak di djalan antara Batoellah lantaran boe-kebas, pang eurenau di Jessa Tsihah (Matjan njaho kana Madjran. Pang eurenau di poentjak goengga djeng koe-eurenau di Sjam; Djim Ipri ngoedag-r djadi salakina. Si n o m ; Njaritakeun lakoe-lampah no ag timbangan lala-beak-beak, oenggal di etem tjokoel deuit, matak noengtoen Masitoh di koelob koe Radja Pir Aon temahna pondok kap ka moelihna K. Nabi ti langit k matak koerang hade wewena ; boedak-boe-ewe randa. Leuheng-orendang anak, ribrib,

Boekerij H. R. B. Kain lengoh, koemaha la-
(Tjibadar)

Toko OBAT NIC MULLER TASIKMALAJA.
Goenoenglaoe 15 Telepon No. 26.
Sagala LANDONG sajagi sapertos. Kajoepatih toelen. Minjak Hades. Landong njeri kahampangan. id. rabeut. id. intjok. id. rabeut sarong soenatan. id. njeri panong. Kastor olie WANGL. Landong njeri beuteung sareng boe-boeang. id. rieht sareng panas tiris. id. tjatjing. id. soepaja tiasa sare. id. gohgoj. id. tambih kaktian salira sa-reng getih. id. koerap sareng hapoer. id. auggoem maehan koetoe dina sirah. Sareng sagala roepi bae anoe henteu disebut hidji-hidji. deui
TJELEP anggoeun njelepan sipat njamoe sareng raksoekan!!!! Model. Moal loeut er deui!!!
Tjaleun deui kenging korting ageung. Flit (nja eta landong azgoeun maehan reungit, sireum toembila. geget, e. c. t).
Kompa pangaus f 1,25 landongna f 1,25— f 2— f 3,50.
Guela-guela sareng sesoepun noe raras, sareng pantes pangasna. Prijskoran kenging perdio.
Mangga soemping koe andjeun
Noe ngantos
NIC MULLER.
Nembe medal.
Volksalmenak Soenda 1928 f 0,64
Volksalmenak Malajoe 1928 f 0,64
Wawatjan Sekartadji f 0,50
Wawatjan Babad Galoeh I f 0,60
Tjarios Rasiyah hidji Koesir f 0,30
Angling Darma I f 1,75
Angling Darma II f 1,50
Sadjarah Ambia VII f 1.—
Wajang Poerwa II f 1,25
Noe sanes-sanis poendjet, daptarna.
Toko en Drukkerij „PASOENDAN”
Tasikmalaja